

Tòp Senk Mwen yo

28 out 2023

Kamarad Terapen Mwen yo,

Mwen genyen plis pase 25 ane sou kanpous la, malgre sa a mwen toujou santi menm enèji nan premye jou lekòl la. Mwen espere ou ka santi yon eksitasyon konsa soti nan Clarice rive nan Distrik Discovery, soti RecWell rive nan Chapel Lawn. Èske w te tande Son Mayifik Maryland k ap pratike? Ou te pase nan Faktori Pwodui Letye a pou reflechi w?

Mwen panse ou ka konprann Fyète m Kòm yon Terapen. Men senk rezon prensipal ki fè ou ta dwe genyen l tou, dapre mwen menm:

1. **Inivèsite w la ap atake gwo defi tan nou an.** Menm yon optimis tankou m konnen nou ap fè fas ak defi san parèy. Soti nan chanjman klima rive nan vyolans ak zam ak ensekirite alimantè, n ap fè pwogrè atravè lidèchip, rechèch ak etid. Chèchè, pwofesè, anplwaye ak etidyan nan inivèsite sa a ap pran mezi enpòtan epi pataje estrateji pratik ki atake pwoblèm ki pi difisil nou konfwonte yo ak konviksyon.
2. **Ekip dirijan w lan ap travay tèt kole nan kreye yon anviwònman kote tout moun patisipe.** Si w nouvo, ou te aprann sa a pandan fòmasyon TerrapinSTRONG ou an. Pou nou menm, nou gen solidarite chak Dwayen ak Vis Prezidan ki siyen yon [angajman pou valè edikatif divèsite kanpous la se yon bagay nou pa pral sakrifye](#) Epitou, nou prepare pou chanjman, avèk ankourajman desizyon Tribinal Siprèm pandan sezon ete sa a, nou sou yon bon pant.
3. **N ap jere w!** Yon fwa ou vin yon Terapen, ou gen yon sistèm sipò ki fyab. Kit se asistan rezidan eksepsyonèl nou yo oswa yon rezo kòlèg pwofesyonèl, ou gen yon kominote ki vle ofri èd. [Sant Konsèy](#) nou an ap bay plis sipò sante mantal, epi yon pakèt inite


kanpous la gen pwogram ki la pou ede [pwofesè, anplwaye](#) ak etidyan nou yo si yo bezwen sa a.

4. **Tèp yo pral fè w sezi.** Kit w ap planifye pou asiste yon pèfòmans [NextNow Fest](#) oswa pou aplodi Tèp nou yo sou teren atletik la, pare pou ou enpresyone lè w wè talan eksepsyonèl ki nan mitan nou. Nou se twazyèm ekip ki pi ganyan nan Big Ten nan pandan dènye dis ane sa yo! An reyalyte, nou enpresyone atravè anpil konpetisyon, n ap kòmanse yon nouvo. Chèche konnen ki lè y ap lanse XFoundry@UMD IDEA Factory a, ki se premye pwogram konsa ki mete Shark Tank ak X Prize ansanm pou puize nan lespri antreprenarya nou an pou rezoud pwoblèm eksepsyonèl yo.
5. **Youn nan bagay ki fè Fyète Terapen se koneksyon.** Kidonk, mwen espere ou pral konekte avè m epi ak kamarad Tèp ou yo. Asiste [First Look Fair](#); vin patisipe ak nou nan [Convocation](#). Li fasil pou m remake konpetisyon, pèfòmans ak evènman atletik etidyan yo. Mwen pran sa a kòm yon devwa pou m patisipe nan reyinyon yo, epi mwen abite isit la sou kanpous la. Tanpri mande yon zepeng tòti, pran yon sèlfi pou lis objektif UMD ou vle reyalize yo [konekte avèk mwen sou rezo sosyal yo](#), oswa tou senpleman fè m siy sou McKeldin.

Gen plizyè lòt rezon ki fè nou gen Fyète Terapen. Nou ap pwofite dènye avanse ki fèt nan domèn entelijans atifisyèl k ap chanje rapidman fason nou aprann ak travay; nou ogmante envestisman nou yo nan syans klima ak dirabilite, jan nou montre sa a nan [nouvo pwochen flòt otobis elektrik nou an](#); nou ranfòse konsantrasyon nou sou jistis sosyal...epi lis la kontinye. Kidonk, m ap wè w nan pwochen gwo konferans akademik lan oswa nan konpetisyon atletik la. Pa bliye ekipman Tèp ou yo!

Mèsi dèske w te vin patisipe avèk mwen nan espere yon ane ki ranpli avèk pwomès, fyète ak ekselans.

Sensèman,

A handwritten signature in black ink that reads "Darryll J. Pines". The signature is fluid and cursive, with the first name "Darryll" being larger and more prominent than the last name "Pines".

Darryll J. Pines

Prezidan, University of Maryland, College Park

Pwonon Maskilen